

Tànk-ndànk

CP

Jéego

5

Téere

4



République du Sénégal



Ministère de l'Education nationale

Vente interdite



Wolof

Tànk-ndànk

Jéego 5

Téere 4

Édition 2018
Réimpression 2020




Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

Li téere bi ëmb

| | |
|-------------------------|----|
| Wareefu njàng..... | 4 |
| Daara ju ràññeeku | 24 |
| Kariim taalibe la. | 44 |
| Wér-gu-yaramu xale..... | 64 |
| Ana Maxu ? | 84 |

Wareefu njàng



Maam Njamala dafa toog di waxtaan
ak njabootam.

Pàppa Njamala, Yaay Njamala ak ay sëtam,
ñépp a nga woon ca mbooloo ma.

Misu Muus, Robi Xaj ak Manij Mbäam-àll,
ñiy ay dëkkandoom,
fa lañu nekkoon itam.

Ñoom ñépp ñu toog, di naan seen
njarum soow.

Waxtaan wa xumb lool.

Maam Njamala seetlu ne, Xuri, sëtam bu
ndaw bi, mënul toog benn béreb.

Lu ni nii rekk, mu génn ci mbedd mi.

Su toogee ci mbooloo mi, dafay fecc rekk
walla di taasu.

Muy cëpp-cëppi, tanqal ñépp,
kenn mënul waxtaan.

Mu gis ne tamit, ku bëgg dara moom ngay
woo, yónni ko, muy dem di dikk.

Muy dugg, di génn.



Waa koñ bi, ku soxla woo ko,
yónni ko, may ko ñaari dërëm.
Ñu tudde ko xale yónniwaan.
Xuri am na juroom-ñetti at,
masagul dugg ekool.
At mu nekk, yaayaam ne : « Naa xaar ba
déwen ma dugal ko.
Moo may dimbale ci kér gi te su duggee
ekool, duma am ku ma yónni. »
Nii ñuy def Xuri ak ni mu mel ci jikko metti
lool Maam Njamala.

Mu ne : « Ren jii, fokk ma dugal Xuri ekool.


Ni mu nekke nii jëmul kër. »

Yaayu Xuri tontu ne : « Mukk ! Xuri du dem ekool leegi, dafa teel.

Kon dootu ma am ku ma yónni di ! »

Goroom Njamala ne ko : « Nga demal sa bopp. Xuri du xale yónniwaan !

Lii du yoon, jël xale bii, di ko yónni rekk, jängul, deful dara. »



Maam Njamala dolli ca ne :
« Jàng warugar la ci bépp xale.
Rawatina ci ñu ndaw ñii mel ni Xuri.
Dafa am solo it lool ci dundinu
doomu aadama.
Dina tax nga am xam-xam,
mën a bokk ci sa dundinu réew.
Dina tax nga yeewu, soo màggée am njariñ.

Bu tuut-tànk bu mel ni Xuri duggee ekool,
daañu ko yar, aar ko.


Daañu ko jàngal, lu mu tuuti tuuti,
dina fa mën a bind.

Dina fa mën a itam jàng ay araf, kàddu ak
jukki, def ay xayma.

Bu ñu nekkee ci ekool yi, kenn du leen gis ci
mbedd yi, ñuy taxawaalu.

Ñu leen di liggeeyloo,
ak di leen yalwaanloo.

Daara yi dina leen jox li nu soxla ngir ñu
mën a màgg bu baax.



Su njàngum daara ju ndaw jaaree yoon,
lépp ay yomb ci xale yi.

Dinañu mën a dem ci daara yu digg dóomu
yi walla sax yu kawe yi.

Looloo tax, ñu naan ndoorte lee gën
a am solo.

Du sax loolu rekk.

Njàng dina tax xale bi xam mooy kan,
am fulla, am fayda.

Dina tax muy joxe ay xalaatam ci lu ànd
ak yar ak teggin.

Jàng dina tax itam xale xam yaramam,
rawatina xale yu jigeen yi.

Bu ñuy jege fukki at, seen yaram dafay
soppeeku.

Yooyu, boo ko teelee xam,
doo jaaxle te dinga gën a xam sa bopp.
Rax-ci-dolli, xale bi dina set, am yar,
teggin, mën a dund ci mbooloo.

Du nekk di cëpp-cëppi,
di fecc ak di woy na Xuri.

Dina nekk ku am xel, dal te teey.



Jàng dina tax itam xale bi xam nit
ñi ni ñuy dunde.

Dundinu bàyyima yi ak garab yi itam
dina ko xam.

Dinga xam itam lu leen wuutale. »

Waxi Maam Njamala jooju neex lool
Xuri Njamala.


Mu ne : « Kon bëgg naa dugg ekool. »

Dama bëgg a xam lu tax nit ñii ñuul,
ñeneen ñi xees.

Ñenn ci nun di lekk ñax, ñeneen ñi
di lekk yàpp. »

Maamam ne ko : « Ma ngoogu !
Soo jànggee, dinga xam sax foo sosoo
ak foo bokk.

Dinga xam itam sa ay maamaat
ni ñu daan dunde, li ñu bañoon ak bëggoon.
Ci noonu, dinga xam yaay kan.



Jàng dina tax nga xàmmee lu jaadu
ak lu jaaduwul.

Dinga am itam fulla ba kenn
du la defloo lu warul.

Dinga xam sa mändarga ak sa sàrtu réew.
Nga mën a jox cér seen i bàkk
ak seen i daraapoo.

Soo màggee, nekk ku bëgg sa réew.
Ku jàngul, xamoo dara, dangay neex a nax. »

Xaj doon na déglo itam, muy yëngal bopp
rekk, li ñuy wax neex ko lool.

Mu dolli ca : « Bu leen fàtte ne xale,
su jànggee, màgg, dimbale ay waajuram. »
Bu leen fekkoon ci ñàkk,
dina leen ci génne ëllëg. »

Muus ne ko : « Billaay wax ngeen dëgg !. »
Mbaam-àll dolli ca ne : « Jàng dina yokk
tamit koom-koomu réew. »

Lii moo tax, gornomanj di def
kem-kàttanam ba ñépp jàng.



Leegi dëkk boo dem, lu mu sore sore,
tabax nañu fa ay kalaas.

Loolu dina jàppale waa dëkk ba, ñu dugal
xale ya, ca ekool ya.

Yaay Njamala ne : « Waaye njàng mi daal
dafa jafe. »

Waroon nañu ko nag gën a yombal !
Kenn warul fey dara xanaa ci ku ko bëgg. »

Maam Njamala ne ko : « Boo dugalee sa
doom ci ekoolu buur doo fey dara.

Li nga war a wax kay, mooy njàngale mi
dafa war a baax.

Dañu ko war a dëgëral ba fu ñu dem ci
joŋjante indi ndam.

Dañu war a jàngal xale yi ci seen kàllaama
yi ñu nàmp.

Doon na jariñ ku nekk, mu mën a bind ak
jàng ci kàllaamaam.

Loolu mooy tax ñu mën a wax seen i xalaat,
mu leer nàññ.



Dañu leen war a jàngal it li ñu soxla,
li seen réew soxla.

Ñu mën a jëmale seen réew kanam.

War nañu itam tàggat ñi leen di jàngal.

Ñuy lëkkale njàngale mi ak po mi, rawatina
ci tuut-tànk yi.

Doonte gornomanj bi def na ay jéego,
ba tey jafe-jafe yi des na.

Moo tax ñu war a saytu lu waral
jafe-jafe yooyu.

Ñu seet ndax ci jàngalekat yi la,
walla ci ndongo yi.

Mën na ne itam ci waajuri ndongo yi,
walla ci kilifa yi yore njàng mi.

Gis nañu itam ni ay gàllancoor a ngi fi,
di tere xale yi jàng.

Mën nanu ci lim tele yi ak xarala yu bees yi
naka portaabal ak ordinaatëer.

Maam Njamala ne : « Waawaaw,
looloo tax nguuru Senegaal ànd di ci
liggeey ak ay oyensee ak i porose. »

Ñooñu dinañu xam solos njàng,
di ci def xaalis ak jumtukaay yu takku.




Yokk nañu daara yi ba mu gën a bare.
Dëkk boo dem ci biir réew mi, lu mu sore
sore, tabax nañu fa ekool.
Dañu bëgg ñépp jàng, ndax njàng dina joxe
xam-xam ak mën-mën.
Ci misaal, bu ñu jëlee wàllu paj, jàng mooy
tax nga am xam-xamu paj.
Mooy tax itam nga am mën-mënu faj nit ak
bàyyima ak yeneen.

Jël nañu xaalis bu bare, defaraat ay téere,
ngir njàng mi dëgér te baax.

Fu ñu tollu, ñu ngiy tåggat jàngalekat yi.
Ñu ngiy jàppale itam daara yi,
ñu tegu ci yoon.

Kenn bañ a jàngale lu la neex.

Dañu bëgg njàng mi dëppoo ak njàng mi
ñépp naw ci àdduna.



Gornomaŋ bi war na fexe ba jàng nekk
warugar ci ñépp.

Waajur wu nekk dinañu ko bàyyi ak
sagoom ci li mu bëgg doomam jàng.

Waratuñu gis benn xale bu tollu ci njàng,
nekk ci mbedd mi, di taxawaalu.

Ci misaal, dañoo war a jël xale yépp,
defal leen ay màndarga ci seen yére.

Màndarga yooyu dina wone xale bu ne
ekool bi muy jànge.

Bépp xale bu amul boobu mändarga,
dañu ko war a jël.

Ñu jox ko ay liggeeykati buur,
ñu yore leen.

Ñu topp fu ñu dëkk ba xam leen,
waxtaan ak seen i waajur ci njariñu njàng.
Baay Njamala ne : « Kon de su boobaa,
dinañu seeti waajuri Xuri mii di dox rekk.
Bu subaa, ma dem dugal ko ekool. »

Laaj yi :

1. Ñan ñoo nekkoon ci mbooloo mi ci kér ñoom Njamala ?
2. Lu tax yaayu Xuri bëggul Xuri jàngi ?
3. Lu tax Xuri mënul toog benn béréb ?
4. Loo xalaat ci jukki bi ?

Daara ju ràññeeku



Sunu koñ dafa am daara joo xam
ne taalibe ya fay jànge duñu yalwaan.
Ustaas yu góor ak yu jigeen
ñoo fay jàngale.

Am na ay xale yu góor ak xale
yu jigeen yu fay jànge.

Ñaari mbooloo yooyu duñu gisante
ci daara ji.

Ku ci nekk ci ñoom am na ku leen
di jàngal.

Ay jàngelakat yu jigeen ñooy jàngal
xale yu jigeen yi.

Ay jàngelekat yu góor di jàngal xale yu
góor yi.

Xale yu jigeen yi itam, ay jigeen a leen yor.


Xale yu góor yi, ay góor yor leen.

Teewul, ñoom ñépp benn lañu, su ñu
gisantee, dañuy jàmmasante, di waxtaan.

Ci wàll wu ne, xale yi am nañu ay néeg yu
yaatu ak lal yu rafet.

Daara ji am na waañ ak béreb bu ñuy lekke.

Su ngoon jotee, bu ñu reeree ba noppo,
tëdd, ñu fay làmp yi.



Ci wàllu góor ñi ak wu jigeen ñi,
am na kuy saytu xale ya fa féete.

Tuut-tànk bu bëgg a dem ca wonag wa,
ñu jàppale la.

Su fajaree, ñu yee xale yi ñu sëlmu, sangu,
julli, jàng.

Su ñu ndékkee, dellu ca njàng ma ba waxtu
añ jot, ñu añ, noppalu.

Su tisbaar jotee, ñu delluwaat
ca njàng ma.

Daara ji am na fu xale yi di defe tåggat
yaram, jigeen ñi fii, góor ña fee.

Su weer wi deewee, waajur yi ñëw fayal
seen doom.

Ku fay, ñu jox la këyitu firnde wuy wone
ni fay nga.

Ku teelul a fayal sa doom, daara ji dina la
woo, soññ la.

Su fekkee dañoo feyalul xale bi ba mu yàgg,
daara ji dina ñëw jëlsi ko.



Xale yi gën a ràññeku ci njàng mi,
dinañu jot ay neexal weer wu ne.

Bu ñu bëree ba daara ji ubbiwaat,
gone yi dellusiwaat jàngsi.

Ci jamonoy nawet la daara ji di faral di bër,
lu tollu ci weer.

Daara ji dina jàngal gone yi ba ñu mën
li ñuy def, ci ñetti at.

Tari mi, bés bu mag la bu waajur yi ak seen
i mbokk di teewesi.

Xew moomu dañu koy waajal,
yëgal ko waajur yi ak njìiti ministeeru
njàngale mi.

Su bés ba jotee, xale yi solu ba jekk, ñëw
toog ci biir baas bi, di xaar.

Dina am kuy woote, xale yi di dem
benn-benn ca mikoro ba di tari.

Waajur wu gis doomam muy tari,
dafay am mbégte.

Loolu dafay yokk darajay waajur yooyu
ca gox ba ñu dëkk.

Gone yi mokkal Alxuraan, su ñu màggee,
ay jängalekat lañuy doon ca fa ñu dëkk.



Ci daara jii, xale yi jàng rekk lañuy def,
kenn du yelwaanloo kenn.

Amul jenn fitna ju tegu ci ñoom,
xanaa lu dul mokkal li ñu leen di jàngal.

Suba ba ngoon, jàng rekk la xale yi di def.

Ñu ngiy dugg ci daara ci ñeent,
jëm juroomi at.

Xale yi seen xel neex dinañu mokkal
leeg-leeg ci ñaari at kepp.

Su bésu jëli xale yi jotee, waajur yu bare,
ñoo fay daje.

Xale bu dem seen kër ba war a ñibbi,
say waajur dañu lay jox yóbbal.

Njàng mi dina ubbi xelu tuut-tànk yi ba
su ñu demee ekool, ràññéeku fa.

Gone yi jaar ci daara laata ñuy dugg ekool,
dañuy muus, am xel.

Njàng mi ñu jëkk a def moo tåggat seen xel
ci jàpp lu ñuy jàng.



Su xale bi defee ñaari at ci daara ji, tollu ci war a dugg ekool, dafay dem jàngi ekool.

Su boobaa, dafay àggale njàngum Alxuraan mi ci jamono yi ekool di bër.

Su xale bi feree ijji, ñàkkul sax nu dem ba mu mën a jëfandikoo Enternet.

Teel a dugg ci njàng, mooy liy taggat xel ba, lu ñu ci ji mu sax ëllëg.

Wànte, xam-xam bu mu mën di doon dafa laaj di ko nafar rawatina
lu deme ni Alxuraan.

Daaray tey yii, ñu ngi yokku ndànk-ndànk
ci réewi taax yi.


Li ko waral, ci béreb yooyu lañu gise gun
yu bare yuy wër, di yelwaan.

Am na benn dogal bu njiitu réew mi génne,
buy tere yelwaanloo gone yi,
bañ leen a jängal.

Ñiy aar nit ñi jëloon nañu xale yi dëkke
yelwaan, delloo leen seen i waajur.

Ba tey jii, ay gone ñu ngi ci mbeddi réewi
taax yi, di yelwaan suba ak ngoon.

Leegi sax, ay gone yu mag ñoo yor seen i
pot di yelwaan te jänguñu.



Dafa mel ni ñiy jàngal gune yi, dañoo amul
xaalis bu ñu leen yore.

Soo demee, looloo waral ñu leen di sas ñuy
dem, di yalwaan.

Ci loolu, la ñi taxawal daaray tey yi,
sukkandiku.

Daaray tey yi, ñu ngi yokku ndànk-ndànk ci
réewi tax yi, ci Senegaal.

Daara yooyu yépp dañuy fayeeku njàng mi
ñuy defal gune yi.

Ci biir daara yooyu, am na ci yuy dëkkal
xale, leeg-leeg ñu dem seen kër.

Ba tey am na ñuy dem ba nekk ekoolu
Araab yuy jàngale Alxuraan.

Ndakaaru rekk am na daara yu baree bare.
Ndax ñépp dinañu mën a fayal seen i doom
ci daara yooyu ?

Ñu néew ñoo am lu ñu mën a fayale seen i
doom ci daara yooyu.



Ñi bëgg seen i doom jàng Alxuraan te
amuñu xaalis nu ñuy def ?

Xanaa yóbbu seen doom ci sëriñ
yi dul fayeku.

Su boobaa, ñooñu mën nañu leen a sas ñu
dem yalwaani lu leen dundal.

Daaray tey yi, indi nañu tuuti saafara ci
yalwaan mi fi amoon.

Gone yi duñu def lenn lu dul jàng.

Xelu xale bi, ci njàng mi rekk lay nekk,
lu mu yër du ko fàtte.

Ci daara jii, xale yi dinañu dëkk fu sell,
di lekk, di sangu, di solu.


Seen wér-gu-yaram dinañu ko sàmm bu
baax a baax.

Seen waa kër, su ñu leen nammee,
dem ca daara ja seeti leen.

Saa yu xale yi demee seeti seen i waa kër,
dañuy kontaan, fireeku di fo.

Su waxtu dellu jotee, duñu yàkkamtee
dellu, xalee mel noonu.

Seen moroom yi ñu miin a fowal ci seen kër
moo ko waral.



Lu waral daaray tey yi di fayeeku xaalis bu
bare ci seen njàngale ?

Daara ji dafay fay luyaasu kér gi mu nekk.

Jàngalekat yi itam dafa leen di fay.

Des na faktiiri ndox, kuraj ak telefon,
ñaaari weer yu ne.

Lekk gi ñuy jox xale yi ak ñi koy togg,
xaalis la itam.

Ñu boole ci ñiy setal kér gi te ñu leen di fay
weer wu ne.

Fu ñu dajale ay xale, dafay laaj it ñu leen
di wattu saa su ne.

Tëral nañu sàrt bii : waa kër xale bi doñj
ñoo ko mën a jëlsi.

Keneen ku daara ji xamul du ko fa
mën a jële.

Li ci daara ji jublu mooy aar xale yi ba
saay-saay du leen yóbbu.

Ci waxtu wi ñuy jëlsi xale yi,
la waajur yu bare di fayal seen gone.

Dañu war a denc bu baax kényit bi ñu leen
di jox, bu ñu fayee.



Bu ñu àggalee, dinañu mën a ubbi daara,
di jàngal Alxuraan yeneen i gune.

Soo demee Ndar Géej, su gone yi wàccee
ekool, daara ja la ñuy dem.

Dañuy jàng foofa ab diir, bés bu ne,
soog a ñibbi seen kér.

Jàngal gone, ci anam yu ànd ak kaarànge
la war a ame.

Gone gi war na lekk bu baax, ñu koy
tàggat, mu am wér-gu-yaram.

Ñépp ànd nañu ci ni am na leegi ay daara
yu baax ci dëkk bi.

Xale yiy jàng di yelwaan ci mbeddi réewi
taax yaa ngi wàññeeku ndànk-ndànk.

Li ñépp ànd yit mooy, daara yooyu seen
pay, ñépp mënuñu ko.

Kon ñu tuuti ñoo fay yóbbu seen i gone.

Doon na jaadu, ñu jàppale daara yooyu
ci li ñuy dundale xale yi.

Su boobaa, dinañu mën a wàññi tuuti ci li
ñuy fayeeku.



Kon, gone yu gën a bare dinañu mën a
dugg ci daara yooyu.

Waaye su daara yooyu lawee ci réewi taax,
du tasaaroo lool ndax am na
yeneen i daara.

Daara yooyu ñoo gën a yàgg, gën a sampa
te kenn du ca fayal sa doom.

Dañu fay yóbbu gone yi, ñu fay jàng,
di liggeey ci toolu jàngalekat bi.

Ku ci mokkal, dina wéy di jàng, di jàngale,
ba keroog ñu koy yewwi.

Daara yu bees yi juddoo ci réewi taax ndax dinañu mën a tasaaroo fépp ?

Liy gën a yéexal loolu, mooy xaalis bi waajur yi di fey ci seen njàngu doom.

Wànte ci réewi taax yi, waajur yu bare miin nañu fayal seen doom ñuy jàng.

Yaakaar nañu ne daara yooyu ci réewu taax la gën a ame.

Ci kow gi, daara yooyu dina fa naqaree samp, ndax foofu kenn tàmmul fayal sa doom ci daara.

Laaj yi :

1. Ci ñaata at la gune yi di dem jàngi daara ?
2. Ana kan mooy yelwaanloo xale yi ci mbeddi réewi taax yi ?
3. Lu waral xale yu ndaw yi ñu leen di yóbbu ñuy dem di jàngi daara ?
4. Joxeleen seen xalaat ci daara yu bees yi ubbi leegi ci réewi taax yi ?

Kariim taalibe la



Kariim taalibe la.

Kariim am na juroomi at, gune la, mu ngi
soog a dikk ci kër gi.

Mu ngi taxaw ci bunt bi, di ma xool, naan :

« Taalibee ngiy yalwaan. »

Ma woo ko, tëye ci loxo bi, ne ko :

« Noo tudd ? »

Mu sëggal bopp bi, ne ma :
« Kariim laa tudd. »

Ma ne ko : « Xanaa gan nga fi ? »

Leegi maay sa yaay.

Deel jëlsi añ ak reer.

Mu yëngal bopp bi ne ma : « Waaw. »

Ma jël potam, defal ko ci lekk.

Mu jëlaat pot bi, dem.



Ca ëllëg sa, mu dellusi taxaw ci bunt bi.
Mu ne : « Taalibee ngiy yalwaan. »
Ma jóg, tibal ko reer, mu dem.
Bés, mu sol yére yu tilim, taxaw,
ma woo ko, dugal ko ci wanag bi.
Ma sang ko ak ndox ak saabu,
bomb yaram wi ba mu set.
Ma wutal ko tubey ak simis.

Mu ne ma dafa bëgg ay dàll yu bees.
Ndax yi mu sol dañu màggat te daggatoo.
Ma xool ko bët yu yaay di xool doom.
Su Kariim tilimee mbaa bopp bi taq suuf,
ma ragg ko ba mu set.
Bés ma ne ko : « Kariim ana sa yaay ? »
Mu ne ma : « Ma nga ca dëkk ba. »



Ma laaj ko : « Gëj nga koo gis ? »

Mu tontu ma : « Yàgg na de, waaye mu nga ca dëkk ba. »

Ma ne ko : « Ndax dina ñëw di la seet ? »

Mu ne « Waaw, waaye dafa war a xaar diir bu yàgg balaa mu fiy dikk.

Sama yaay dafe bare ay soxla. »

Bés Kariim dafa doon xaar reer ci kér gi,
reer ba noppi, fekk mu nelaw.

Dafa làqu, di nelaw, kenn gisu ko.

Bi mu yeewoo, mu jël potam di ñibbi,
ci guddi gi.

Ma ni ko na fanaan, mu bañ, dem ñibbi
moom rekk.

Boobu fekk na guddi gi xóot na.

Ragalul dox moom rekk ci lëndëm gi,
àndul ak kenn.



Mu ngi t̄eye potam di waaxu, ci l̄end̄em gi.
Ci ñj̄el gi, Kariim yeewu, ñu taal matt, w̄er ko,
di j̄ang ak seen s̄eriñ.
Bi mu noppee, la w̄eer àlluwaam, j̄el potam.
Mu ndékki ba noppi, génn daara ji.
Téy bésu luuma la, dafay dem wuti liggeey.
Ba mu demee ca m̄arse ba, mu yanu saaku
lujum, teg ko ci sareet ba.

Benn jigeen jox na ko leketam,
mu yanu ko, taxaw.

Kariim a ngi topp jigeen ji, muy ndugg.

Yenn saa yi, soxna si taxaw, di waxtaan ak i
xaritam.

Leket gi diis na, waaye Kariim a ngiy muñ.

Jigeen ji dem na jëndi yàpp, ranj bi gudd na,
nit ñi di xaar.



Kariim topp na jigeen ji, ba mu yéeg ci
watiiru fas bi.


Teg na leket gi ci gannaaw watiir bi.
Jigeen ji jox na ko ay weccit,
mu def ci poosam.

Beneen soxna ñëw na, jox ko saagam,
mu yanul ko ko.

Kariim topp na ci gannaawam,
di dox lu yàgg.

Naaj wi tàng na, Kariim a ngi mar, di ñaq.

Amaanatu mooy xaritu Kariim.
Su dikkee, dafay xar mburoom,
jox genn-wàll gi Kariim mu lekk.
Duudu ak Kariim dañuy ànd, dem futbali ak
yeneen xaley taalibe.
Danuy rëdd kan yi ak seen i poti yalwaan yi.
Taalibe yi dañuy tànn kër gu yeggul,
di làqu ci biir, di futbal.



Su buy ñoree, dañuy dem wuti buy, yii ñu
jël lekk, yii ñu jaay ko.

Su màngo ñoree, dañuy ñaw ay saaku yu
ndaw, di ci denc màngo ji.

Soo demee ca daara ja, Sëriñ Saadibu dafa
defaral taalibe ya ay toolu màngo ca biir.

Taalibe bu jóg, witt màngo, def ko ci
mbuusam, di ca lekk, ba mu jeex.

Bu ñu ci lekkeeb a regg, gën a sawar
ci njàng mi.

Kariim, suy yalwaan, dañu koy wax :

« Am Yàlla jox la taalibe ! »

Kariim tàllal potam, ñu def ci suukar,
xaalis, ceeb bu ñorul, sondeel ak guro.

Su suukar si baree, Kariim dafa koy jaay.

Su ñu ko saraxee ginaar, dafa koy wànteer,
jël xaalis bi yóbbul Sëriñ bi.

Su ñu leen joxee kilo mburu, ñu séddoo ko
lekk, mbaa ñu denc ko, yóbbu ko daara ja.



Am na bés, ñu sarax Kariim ag ganaar ; waaye ganaar ga rëcc ko. Ay moroomam dimbale ko ba mu jàpp ko, yóbbu ko daara ja.

Soo demee yenn daara yu mag yi, dina am junney taalibe, waaye kenn du yalwaan.

Dañu leen wutal ay néeg, ndongo yi dañuy sol yére yu bees ak dàll yu baax.

Ñoom dañuy jàng.

Am na benn xale taalibe bu ndaw bu ñu sas muy toppatoo wenn yëkk.

Xale bi di wax ak moom, muy jëf.

Xale bi dafa tuuti, yëkk wi dafa ponkal,
waaye ñoom ñaar dañoo déggoo.

Moo koy jox muy lekk ak a naan,
suba ak ngoon.

Xale bi mooy xaritu nag wi.

Foo gise nag wi, xale baa ngi ci wetam.



Taalibe li ko war mooy jàng ba mokkal.

Kariim dina yalwaan, waaye dafay jàng
bu baax.

Sëriñ bi dafa ko bëgg ni doomam,
di raay boppam rekk.

Kariim ak moroomi taalibeem yi ñooy
taxani matt, ca àll ba.

Li mu tuuti tax na ba say yu ndaw lañu koy
jox, mu yanu.

Yaayu Kariim ñëw na seetsi ko,
mu ngi ree, bég lool.

Kariim indi na ko ci koñ bi, mu nuyoo.

Xale yi ci kér gi, Duudu ak Amaanatu,
ñëw nañu sargal ko.

Kariim tamit dafa bég, ci li mu gis yaayam.

Jigeen ji sant na nit ñu baax
ñiy toppatoo Kariim.

Dina lekk, dina naan, te duñu ko bàyyi
mu tilim.



Ci daara ja, Kariim kenn du ko dóor.
Kariim dafay jàng te duñu ko fayeeku.
Ci daara ji, dinañu toggal taalibe yi,
ñu lekk.

Am na ay nit ñu fay dem, di fa joxe xaalis.
Dinañu fa joxe itam mburu, mbaa suukar
ak yeneen.


Tabaski dinañu indi yàpp, saraxe ko.

Bu Tabaski jotee, nag lañuy toggal taalibe yi,
ci daara yu mag yi.

Dinañu lekk ba suur, witt ay màngo, raxas
ba mu set, di ko macc.

Su néeg bi tàngee, Kariim dafay tëdd ci
biti, ci kow suuf su nooy.

Su ci tegee basan̄ gi, dafay nooy mel ni lal
Kariim dafay nelaw bay yàndoore, ndax
ngelaw li moo koy upp.



Su daraa ji bëree, Kariim dafay
ñibbi seen kër.

Su yeggee, wone yére yi ko sëriñ bi jox.
Kariim dafay ànd ak yaayam,
nuyuji ay mbokkam.

Dem na seeti Nijaay Makkoddu
ak njabootam.

Suba su ne, Karim dafay nafar téereeem.

Kariim bëgg na yeggali njàngam
balaa yàgg.

Su màggee, xalaat na sos daaraam,
di jàngale, mbaa mu doon jaaykat bu mag.

Kariim at yu néew a ko dese, ci daara ji,
mu mokkal.

Am na xale yu jóge ci daara ji, dem jàngi
mujj doon ay kilifa.

Kariim am na pasteef te gëm na li tuy def.
Njortam rafet na ci ëllëgam.

Laa j yi :

1. Ñaata at la Kariim am ?
2. Lan moo tax Kariim guddee ñibbi ?
3. Soo doon yaayu Kariim looy def ?
4. Lu ngeen xalaat ci Kariim ?

Wér-gu-yaramu xale



Jaaraa ngi ànd ak xaritam
Faali jàngi ekool.
Faali ne ko : « Lu tax ngay soox nii ? »
Mu ne ko : « Lii feebar bu ma daloon la. »
Gis nga sama tànk bi nii, mënatur jub.
Moo tax may soox, ñu naan dama lafañ.

Xaritam Falee ngi sëgg, waxatul dara.
Jaara ne ko : « Hee, lan la ? Lii du dara.
Man de yëgaluma ko sama yaram.
Terewuma jängi, terewuma fowi.
Maa ngi lekk, di dox samay soxla. »



Sunu muse mooy kaf ak man naan ma :
« jängoroy sàggan moo ma ko jox. »
Faali ne : « Sàggan nga wax !
Man de maa ngi soog a dégg jängoro jooju.
Waaw moom sax, lu muy nuroo ? »
Jaara ne ko : « Du dara lu dul càgganu
waajur yi.
Bu ñu ma ñakkoon ba ma ci tolloo,
lii duma dal.

Ñakk yi ñooy tax ba nga mucc ci feebaru
polyoo, tetaanoos ak yeneen feebar.

Waxu gu bon du la daneel,
sa loos wiy newwi.

Xureet du la xuri ba nga jeex,
ñàkk kàttan.

Ñas du la ñànk ba picc yu sew te xonq di
feeñ sa yaram.

Payis du la fàdd ba ngay bori,
sa gémmiñ giy nàcc.



Li may bañ, mooy nga di ma xoole ku
wàññeeku.

Booy yërëm, geestul xale yi lekkul ba suur.
Ñakk a tax ñuy yalwaan te waroon a jängi.
Loo teel teel yeewu, fekk leen ci biti ak
seen pot.

Loo guddee guddee, ñu ngi ci mbedd mi,
di yalwaan.

Sama xeex mooy fexe ba waajur yi
bàyyi sàggan
te di ñakk seen i doom.

Ca dëgg dëgg, feebaru sàggan mu ngi
lëmbe dëkk bi.

Nee nañu tàyyel moo koy indi.

Faali ne ko : « Farlu mooy garabam.

Bu nu farloo ci sunu njàng, sàggan jóge
fi. »



Démb rekk, woo nanu waajur yi, wax leen
ñu fagaru.

Muse ànd na ak Jaara,
mu teew ci jataay bi.

Muse nee na leen xale yaa ngi fees dell
ci lalu opitaal yi.

Dara waralu ko lu dul càggan gi nu topp.

Nanu fippu ba lii dal Jaara bañati dal sunuy doom.

Bëgg nanu leegi xeex, ba daan jàngoro yi y lëmbe.

Ñoom ñépp dogu nanu jëlee fi jàngoro yi y lore.

Ndox yi y taa, pot yu yàqu yi ci kër yi ñooy jur jàngoro yu bare.

Nanu leen fa jële, setal fépp, muy néeg, kër yi ak dëkk bi.

Waa sarwiis biy toppatoo cet gi noppi nañu dugg ci dëkk bi, puudar ko.



Doomu jàngoro yi dégg nañu waxtaanu
xale yi.

Ñu ngi mer ba seen kanam yiy saxaar.
Seen mébet yépp, xale yi nar nañu ko yàq.
Su boobaa, dinañu laatikaaf.
Woote nañu ndaje, bëgg a nas ay pexe.

Yoo moo jiitu ca ndaje ma.
Mu ngi yooy, laaf yi y ruus.
Sëqët su bon si duggsi na.
Dafa duggsi ne wàpp ci suuf.
Yeneen doomi jàngoro yi y wàlle ñëw nañu.




Yoo ne jot amul, nanu jublu ci waxtaan wi.
Jàngoroy lafañ ne, xale bi
ma fàddoon jóg na.

Mu ngi soox waaye dafa mel ne ku nu jàjji.
Lëngoo na ak waa dëkk bi yépp.
Sunu moytuwul, fii kenn du fi des.

Yoo ne : « Su boobaa, dootuma mën a
yootal kenn. »

Ku ci nekk yaa ngi xool sa moroom.
Jàngoroy koleraa jël kàddu ne : « Bu nu
yaboo gàddaay. Leegi, nu ngiy setal ndaa
yi, teen yi ak déeg yi. Suba ak ngoon, nit
ñaa ngi raxas seen i loxo. Bu nu jógee ci
wanag wi, raxasaat seen i loxo. Ndox mi
ñuy naan, gis naa ñu toqal
ci oddusawel. »



Jàngoroy biir buy daw, biiru taññ ak saan
yëngal seen i bopp.

Ñu ne : « Gàddaay fi lanu ko fekk,
du lu bees. Bu dul fii, di feneen, àddina
bi yaatu na. Mbaal lanu teg, bu jàppul nu
seeti fu nooy.

Nun de dogu nanu, ku dem, nu dem,
ku demul nu dem. »

Danu jekki jekki, puudaru sarwis diisen
upp leen.

Ñu tasaaroo, am ñu daanu,
ñu dëggaate leen.

Am na ñu ci xëm, des fa ba fàww.

Ñii naan : « Wóoy wallu, dee nañu. »

Ñeneen ñi di toxoñ seen i bët, seen i
bàkkan di xelli.



Waajuri Jaara bég nañu ci seen taxawaayu doom. Yaayam jëndal na ko masinu xarala yu bees yi. Li mu jot a dajale ci njaayum lujum yi la boole. Moo tax Jaara du tåggoo mukk ak masinam. Dina ci jäng, dina ci fowaale.

Yaay ji bëggul dara lu metti doom ji.
Muy réccu lu tax mu sàgganoon ba ñakkul woon doom ji.

Bu koy xool dafa koy yërëm ;
yërmande jooju metti na lool doom ji.
Jaara wax na ko ko ba tàyyi waaye mënu
ci dara.

Dafa ko naan : « Yaay, bul ma xoole bëtu
ndeysaan.

Na nga may xoole bët bi ngay
xoole samay rakk. »



Bés bu jot Jaaraa ngi sëgg ci masinam di
bës ay butoŋ.

Buy lekk, dafa koy uuf ci wetam,
di xoolaale ekaraŋ bi.

Buy tëdd, ci wetu njegenayam la koy teg.


Buy dem ca wanag wa sax, dafa koy
denc fu wóor.

Waxtaanam ak rakkam yi yokku lool ci yi
muy jäŋ ci masin bi.

Waaye seen muse seetlu na leegi Jaara
dafay dajjant ci kalaas bi.

Yëngu-yëngoom ci njàng
mi wàññeeku na lool.

Muse woo ko ne ko : « Lu xew ?
Xanaa danga dul nelaw guddi ?
Bu subaa, na nga ñëw ak sa yaay. »



Muse ne : « War na am lu xew, xaaral ma demal sama bopp. »

Ba mu eggee ca kér ga la séen
Jaara mu beru.

Mu ngi tiim benn masin,
am lu mu taf ci nopp yi.

Muse nuyoo, ñu dalal ko.

Mu ne leen mbiru Jaara moo ko fi indi.

Noonu ñu woo Jaara, mu ñëw nuyoo, toog.

Muse àbb ko masin bi, yër ko bu baax,
delloo ko ko.

Yaay ji ne ko : « Maa ko ko jëndal ndax bañ
mu wéet rekk. »

Muse ne ko : « Neexal sa doom lu baax la waaye lu ëpp jur safaan. Bu ma sañoon, mu koy jëfandikoo bésu dibeer. Leegi jàngatul dara, li masin biy yàq moo ëpp li tuy defar. Jëndalal sa doom ay téere moo koy jariñ. »

Laa j yi :

1. Lan moo dal Jaara ba tuy soox ?
2. Yan pexe la waa dëkk bi tëral ngir jële fa jàngoro yi leen di dal ?
3. Lu tax Muse dem fi Jaara dëkk te xaarul Yaayu Jaara ñëw ekool mu waxtaan ak moom ?
4. Nettalil boo amoon portaabal, noo koy jëfandikoo ba du la yàqal sa njàng ?

Ana Maxu ?



Maxu, njomboor gu am ñaari at la,
mënagul wax bu baax, xale la.

Yaayam amul lu dul moom ci doom, te bala
mu koy am toog na lu yàgg gisul doom.

Maxu du tàqaleku ak moom benn yoon.

Bi mu juddoo, la yaayam bàyyi bépp
liggeey, di ko toppatoo, di ko nàmpal ak
weenam ak bibaroñ.

Xale bi du dem fenn, su ko yaayam tiyewul,
jànq bi moo koy yor, di ko wattu.

Yaay Njomboor, bañ na ko ba suy dem fenn, dafa koy yóbbale ci otoom ak fowukaayam.

Su fekkee day doxantu, dafa koy boole ak rabi àll yi ñu dëkkal, ñu ànd dem.

Maxu Njomboor, def na bés bu dellusi, yaayam përye gune yu tuuti, ay moroomam.

Xale yi ñëw nañu, am na ñu indi ay neexal, ñu lekk ba suur, naan ba mändi.

Yaay Njomboor su daan seeti xaritam, Maxu Njomboor daf ko daan gunge, ñu toog fa di waxtaan ca kér ga.



Bés Yaay Njomboor seeti Xaru Mosku
xaritam, mu toog fa di waxtaan ak doomam.
Bi timis jotee, mu jóg di ñibbi, Xaru Mosku
di ko gunge, ñu nekk ci mbedd mi.

Yaay Njomboor teg loxoom ci boppu Maxu
Njomboor di wax ak Xaru Mosku, doom ji
rocci boppam, dem ndànk.

Bi mu noppee, gisul doomam, mu laaj ko
Xaru Mosku, mu ne ko xamul fu mu dem.

Yaay Njomboor dellu ca kér ga,
waaye gisul doomam.

Asamaan saa ngi tàmbali di lëndëm.

Fu mu dem ñu ne ko gisuñu ko.

- Waaw fu xale bi dem ?

- Kenn gisu ko !

Yaay Njomboor tiit, dugg

ci kër yi ci koñ bi.



Mu ne : « Gisuleen sama doom ? »
Yaay Njomboor a ngi jooy.
Rabi àll yépp jóg di ko seetle doomam,
ñu génn Ndumbelaan dugg ci gott bi.
Yaayu Maxu Njomboor jaaxle na. Taal na
otoom, dugg ci àll bi, ànd ak Seku,
fu ne mu seet.

Xool na ci taatu garab yi ak ci xur yi.
Leegi guddi gi lëndëm na, muy seet fu ne,
gisul doomam.

Yaay Njomboor tiit na gisul doom ji.
Guddi gi sore na te kenn gisu ko ba tey.
Fan la xale bi nekk ?



Yaayu Maxoo ngi jooy, di wax : « Ana lu dal sama doom ? »

Dellu na ba kër ga, waaye kenn gisu ko ba tey.

Mu génn taalaat oto bi dugg ci àll bi, di wut fu ne.

Seku ne ko nañu dellu kër ga, amaana xale bi feeñ na.

Bi mu dellusee, ñu ne ko Maxu Njomboor ñëw na.

Yaay Njomboor tēb wàcc otoom,
daw dugg ci kér gi, fekk Yaay Nag a ngi
boot Maxu.

Yaay ji bég na, doomam dara joutu ko,
dara xuriwu ko.

Mu ngi bootu, teg boppam ci ginnaaw Yaay
Nag, ne cell, Yaay Nag ne : « Dañu ne
ma wàcce ko, ma bañ, bala ma koy wàcce
yaayam ñëw ! »

Leegi Yaay Njomboor teggi na Maxu, fab ko
ak ñaari loxoom. Jël na doomam, uuf ko ci
kowam, di ko niit.



Dara jotu ko gaañuwul fenn.

Mu ne ko : « Jërëjëf. Yàlla rekk moo lay fey. »

Yaay Njomboor dar na doom ji ci dënnam
di ko fóon. Yàlla lu baax rekk lay def.

Mu ne ndaw si ko indil doomam : « Wax ma
foo ko gisee ? »

Mu ne ko : « Xale bi dafa jàll yoonu
saxaar wi moom rekk, ñëw ba sama kër, ci
ginnaaw raay bi. Maa ngi ko gis moom rekk
mu taxaw ci ñax mi, ci guddi gi. Ma laaj ko
fu mu jóge.



Mu tontu ma : « Yaay ! »
Ma laaj ko nu mu tudd.
Mu ne ma : « Yaay ! »
Ma xam ne mënul wax, ma jël ko boot ko. »
Yaay Njomboor a ngi sant Yàlla ;
xale xamul dara.

Mënul dox bu baax, ndax ñaari
at la amoon.

Waaye fexe na ba jérggi raay bi moom rekk,
ci lëndëm gi.

Kenn xamul nu mu def ba egg foofu,
doy na waarr.

Su fekkoon saxaar gi di ñëw kon musiba
dina am.

Yàlla baax na ba tasewul ak saxaar gi.



Maxu jàll raay bi, wàccaat te daanuwul ci
xeer yi bay gaañu.

Rabi àll yépp ñëw di seet Maxu ak ki ko for.
Ñu deñ kumpa lool, bëgg xam li xew.

Yaa Njomboor moom dafa
bég ci biir xolam.

Xamul nu muy def ba fey jigeen ji ko
delloosil doomam ji Maxu.

Ragaloon na ne du gisaat doomam mukk.

Dara gaañu ko, dara wokku ko, dellusi na
ak jàmm.

Su fekkoon saxaar di ñëw, kon musiba am.

Lëndëmu guddi gi ak yooni tund yi ay
jafe-jafe lañu neroon a indil Maxu.


Ay tànkam dëgëruñu, su jaaroon ci mbartal
mi, dafa neroon a daanu, jullootu.

Maxu dafa neroon a gaañu bu metti sax.



Saxaar du bokk yoonam ak kenn.
Xale bu ndaw di jaar ci ay raay wóorul.
Su fekkoon saxaar gi di daw, kon musiba la
naroon a jur.
Su ko jigeen ji gisul woon ba boot ko, Maxu
naroon na daanu ci kanaal bi.
Yaa Njomboor gën na tiit bi mu xalatee
ngaañ li naroon a dal doomam.

Yaa Njomboor dund na ci biir xolam musiba
yi ko Yàlla fanqal yépp, muy sant.
Masul sàggan ci wattu doomam.
Masu ko sore, dafay moytu lépp lu ko mën
a gaañ.
Xale dafa yomb a gaañu, moo tax saytu ko
am na njariñ.



Dañu ko war a aar ci lépp lu ko
mën a gaañ.

Saytu ko saa su ne, wareef la.
Ci biir kër gi, lu tuuti rekk,
mën na koo gaañ.

Suy raam ñu dugal ko ci pàrk,
moytu mu gaañu.

War nañu denc biteeli oddusawel
ak xeme yi fu sore.


Ñu bañ koo laal, su dul loolu, dañuy gaañu.
Fexe ba laf andi cuuraay yi am na solo,
ndaxte mën na lakk ci xali safara yi.

Bunti waañ yi dañu leen war a tēj ndax
waañ wóorul ci xale.

Mën na laal furno bu tàng mbaa mu dugal
loxoom ci biir dëwlin ju sãas.

Xale xamul dara, jar na wattu ci biteeli
gaas yi.

Moytu mu def loxoom ci kuuranj bi,
am na solo.



Soo dëkkee ci kér gu am etaas, baareel
iskale yi ngir xale bi bañ a jullootu.

War nañu tēj pisin yi ngir moytu
xale yi lab.

Piriisu kuuranj yi, war nañu leen di fatt ngir
aar xale yi.

Kuuranj dafay gaañ, di rey.

Xale wattu la laaj, saa su ne.

Mbirum balkonj jar na bàyyi xel,
ngir moytu mu jéllu, jóge ci balkonj bi.

Lii daal Maxu dootul amati mukk.
Leegi suy génn ci mbedd mi,
Yaa Njomboor dafa koy tēye
bu dëgër ci loxo.
Xale móomin la, du gis liy ñëw.
Aksidanj dafa gaaw a ñëw
fu ñu ko dul fooge.
Maxu Njomboor, leegi ñépp ay bàyyi xel
ci moom.

Laa j yi :

1. Maxu, gone la walla mag ?
Lu koy firndeel ?
2. Lan moo dal Maxu ? Lu ko waral ?
3. Waxal ci nan la Maxu feeñe.
4. Yan matuwaay la yaayam jël
ginnaaw bi Maxu feeñee ?

Ce livret décodable gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN